

Burundi : Umurwi w'amatohoza ku Burundi wa ONU uragabisha ku vyaha vyo guhonyanga agateka ka zina muntu bikorwa mu Burundi muri ibi bihe vy-imbere y-amatora.

I JENEVE (Igenekerezo rya 4 Nyakanga, 2019) – Mu kiringo kiri munsi y' umwaka ngo amatora y'umukuru w'igihugu, y'abashingamateka n'abayobozi mu nzego zo hasi ategakenjwe mu 2020 atangure, Umurwi w'amatohoza ku Burundi wa ONU (COIB) uremeza- mu cegeranyo uhejeje gushikiriza uno munsi- ko I Burundi hari icuka c'iterabwoba k'umuntu wese aterekana ko ashigikiye umugambwe uri ku butegetsi, CNDD-FDD. Mu gihe urwaruka rwegamiye umugambwe uri ku butegetsi bita "Imbonerakure", abakozi bo mu rwego rw'iperereza n'igipolisi hamwe n'abayobozi bo mu nzego zo hasi babandanya bakorera ivyaha vyo guhonyanga agateka ka zina muntu abanyagihugu, indyane za politike zihitiye kuva mu 2015 – aho gutorerwa inyishu – zabandanije ziyongera gushika aho zikwira mu gihugu cose.

Ico cegeranyo kiradondora ingene Imbonerakure zakoze ivyaha vy'ubwicanyi ndengerabutungane, ivyaha vy'injuruzwa n'izimanganywa, ivyaha vy'ihagarikwa n'ifungwa rinyuranye n'amategeko, ivyaha vyo gusinzikarizwa ubuzima no gufatwa bonyamaswa hamwe n'amabi afatiye ku gitsina. Ivo vyaha bikorerwa umuntu wese atavuga rumwe canke akekwa kuba atavuga rumwe n'umugambwe uri ku butegetsi.

Umurwi w'amatohoza ku Burundi uvuga ko ayo mabi arenze urugero aterwa intenge no kudahana ivyaha kwabaye ndanse mu Burundi.

Nk'uko Umukuru w'Umurwi w'amatohoza Doudou Diène avyemeza: "Kutavuga rumwe na Leta I Burundi muri ino minsi ni nko kwita mu meno y-ingwe". Lucy Asuagbor, umwe mu bagize Umurwi, aramwunganira avuga ati: "Kunumya abatavuga rumwe na Leta canke abadasangiye iviyiumviro n'umugambwe uri ku butegetsi nivyo bituma igihugu kiboneka nk'uko hoba hari umutekano kandi atari vyo". Françoise Hampson, nawe nyene agize uwo murwi, arongerako ati: "Ariko si umutekano w'ukuri, ni "umutekano" ufatiye kw'iterabwoba nkuko ikomeza ry'ivyaha vy'agahomerabunwa n'ivyaha vyo guhonyanga agateka ka zina muntu twatohoje ribigaragaza".

Muri ico cegeranyo, Umugwi w'amatohoza urerekana ingene abayobozi ku nzego zo hasi bafatanije n'Imbonerakure bakoresha iterabwoba mu guhatira abanyagihugu kwinjira, gushigikira canke gutterera umugambwe uri ku butegetsi. Abagore n-abakobwa barafashwe ku nguvu kivunga n' Imbonerakure igihe ingo zabo zitewe canke bariko baragerageza guhunga. Abagabo-hamwe n'abagore- barakorewe amabi afatiye ku gitsina mu gihe bapfunzwe n'abakozi bo mw' iperereza. Ivo rero bikaba bikorerwa mu gacerere kuko abamenyeshamakuru bigenga n'amashirahamwe arwanira agateka ka zina muntu batakirekuwe gukora uko bisanzwe, igisata c-ubutungane kitagikora neza n' ibiro vya ONU bijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu mu Burundi biheruka guhagarikwa.

Umurwi w'amatohoza ku Burundi nirwo rwego mpuzamakungu rwonyene rwigenga kandi ruhagarikiye ukuri rugisigaye rutohoza ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu mu Burundi.

Muri iki kiringo co kwitegurira amatora y-imirije, kidasanzwe bifatiye ku vya politike, Umurwi w'amatohoza wiyemeje kandi guca hirya no hino ivyoshobora gushika mu minsi iri imbere. Ufatiye ku buryo bwo kwiga ivyaha vy'agahomerabunwa bwashinzwe mu 2014 n-ikigo ca ONU gishinzwe kurinda ihonyabwoko no kurinda abantu, Umurwi wasanze ko ibimeyetso umunani vyerekana integuro y'ivyaha bikomeye vyibonekeza mu Burundi. Umukuru w-Umurwi yavuze ati: " nta bimenyetso biruta ibi". Icirwa twakoze gikwiye gufatwa nka nkama mu gushira mu ngiro ivyemezo vyagiye bifatwa mu bijanye no kurinda irindi honyabwoko".

Umurwi w' amatohoza urasavye Leta y'i Burundi ko yohagarika ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu rikorwa n'abakozi ba Leta hamwe n' Imbonerakure. Umurwi urasaba ushimitse ko ari ngombwa ko hofatwa iningo zihuta kugira ihonyangwa ry'agateka ka muntu ntiribandanye ryiyongera mu bihe

vy'amatora yimirije yo mu 2020. Umurwi wasavye ushimitse amakungu ko yogumiza ijisho ku kibazo c'l Burundi.

Umurwi w'amatohoza wegeranije intahe zirenga 1200 z'abakorewe ivyaha vyo guhonyanga agateka ka zina muntu, amasura hamwe n'abakekwa kuba barakoze ivyo vyaha, harimwo n'izindi ntahe zegeranijwe mu kiringo c'imyaka itatu y'amatohoza. Uyu mwaka, Leta y'u Burundi yarongeye kwanka kugira ibiganiro no kugira imigenderanire n'Umurwi w'amatohoza ku Burundi naho uyo murwi utigeze uhengeshanya kubisaba.

Umurwi w'amatohoza ku Burundi uzoshikiriza icegeranyo ca nyuma imbere y'Inama y'Ishirahamwe Mpuzamakungu ya ONU ijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu mu kiganiro kizoba kw'igenekerezo rya 17 Nyakanga, 2019 i Jeneve.

Mushobora kubikurikirana k'urubuga:

<https://vimeo.com/unhumanrights/review/357318193/66c066de19> (Icongereza).

<https://vimeo.com/unhumanrights/review/357318793/9e0f6e5aab> (Igifaransa)

Inyandiko bita infographics ziri k'urubuga:

[https://www.ohchr.org/EN/HRBodies/HRC/CoIBurundi/Pages/CoIBurundiReportHRC42.aspx.](https://www.ohchr.org/EN/HRBodies/HRC/CoIBurundi/Pages/CoIBurundiReportHRC42.aspx)

KU MPERA

Intangamarara

Umurwi w'Ishirahamwe Mpuzamakungu ujejwe kutohoza amabi yoba yarakozwe mu Burundi wagenywe n'ingingo 33/24 y'Inama Mpuzamakungu ya ONU ijejwe kubahiriza agateka ka zina muntu kw'igenekerezo rya 30 Nyakanga 2016 kugira utohoze ido n'ido ingene agateka ka zina muntu kandagaye mu Burundi kuva mu kwezi kwa Ndamukiza 2015, umenyeshe abakekwa kuba barakoze ivyo vyaha kandi utange intumbero y'ibikwiye gukorwa.

Uwo murwi ugizwe n'abantu batatu : Doudou Diène (Senegal), Lucy Asuagbor (Kamerune) na Françoise Hampson (Ubwongereza).

Uwuserukira abamenyeshamakuru: *Uwuserukira Ikigo ca ONU kijewe kwubahiriza agateka ka zina muntu (OHCHR), Sandra Miller (COIB) (+ 41 22 917 3426 / smiller@ohchr.org*